

JWENN PLIS ENFÒMASYON KONSÈNAN PWOGRAM KLIMA MDAR

Èske w ap chèche yon fason fasil pou rive gen aksè ak paj entènèt sa yo?

Eskane kòd QR la pou jwenn tout lis resous yo mansyone yo.

mass.gov/info-details/learn-more-about-mdars-climate-program



Kisa Chanjman Nan Klima Ye?

Yon chanjman alontèm nan klima a, ki gen ladan tanperati ak modèl move tan.

Chanjman klimatik ka koze pa chanjman natirèl nan anviwònman an ak/oswa aktivite imen akòz boule konbistib fosil yo.

Kisa Objektif MDAR yo Ye?

Plan ResilientMass la se plan Eta Massachusetts genyen pou **Prepare yo pou Katastwòf Natirèl ak Chanjman Klima**. Objektif li se asire Eta Endepandan an (Commonwealth) pare pou fè fas ak katatwòf natirèl, rekipere li byen vit, adapte, epi redwi danje sa yo.

mass.gov/info-details/2023-resilientmass-plan

Swiv pwogrè ki fèt nan **objektif espesyal MDAR yo!** (Chèche "Lead Agency" (Ajans K ap Dirije a) nan lis pwogram nan)
resilient.mass.gov/actiontracker



Kisa Mwen Kapab Fè?

Jwenn plis enfòmasyon sou fason moun ki abite nan Eta Endepandan an (Commonwealth) kapab aji pou pwoteje kominote yo, ekonomize lajan, epi ekonomize enèji, pou fè sa, y ap vizite '**Kanpay Aksyon pou Klima EEA**' a (**EEA's Climate Action Campaign**).

mass.gov/info-details/everyone-can-take-climate-action



mass.gov/agr

- @MassGrown
- [Youtube](#)
- @MassDeptAgr
- @MassDeptAgr

Kijan Ou Ka Sipòte Kiltivate Lokal yo?

MassGrow...ak Fresher MDAR la! Pwogram nan montre plizyè fason pou ede fèm lokal yo ak biznis ki gen rapò ak agrikilti nan zòn ou an.

mass.gov/orgs/massachusetts-growand-fresher



Konsilte Kat MassGrow lan:

Antre non vil ou a pou w jwenn fèm, mache kiltivate ak bèl aktivite ki toupre ou nan Massachusetts!

massnrc.org/farmlocator/map.aspx?Ref=MGHome



Èske Ou se yon Kiltivate oswa Pwodiktè?

Konsilte Pwogram Sibvansyon Agrikilti Entèlijan pou Klima MDAR la:

Pwogram sa a bay kiltivate yo lajan pou yo prepare yo pou risk yo epi pou ranfòse ekonomi yo ak jan pou yo pwoteje anviwònman an, li bay lajan tou pou pwojè ki ede yo sèvi ak enèji pi byen epi itilize enèji renouvlab.

mass.gov/how-to/how-to-apply-to-the-climate-smart-agriculture-program



Oswa gade tout lis pwogram sibvansyon MDAR yo:

mass.gov/guides/agricultural-grants-and-financial-assistance-programs



Èske w ap chèche plis Pwogram sou Klima a?

Pran yon kopi 'Manyèl Resous pou Klima MDAR la' pou w ka jwenn enfòmasyon sou plizyè pwogram gouvènmantal, ki ka ede w pran kèk mezi pou klima a nan aktivite agrikòl ou yo:

Voye yon imèl nan MDAR.EJ@Mass.Gov pou plis enfòmasyon.

